



# LÈ GEN BLAKAWOUT, METE DÈLKO OU DEYÒ

Dèlko sipò pòtatif yo pwodui gaz pwazon ki rele monoksid kabòn (CO). CO se yon gaz ki pa gen odè, li pa gen koulè epi li touye moun san avètisman. Li detwi lavi anpil santèn moun chak ane epi li fè anpil milye lòt moun vin malad. Swiv etap sa yo pou kenbe fanmi ou an sekirite.

## DÈLKO PÒTAB

- ✓ Pa janm itilize yon dèlko andedan kay ou oswa andedan garaj ou, menmsi pòt yo ak fenèt yo louvri.
- ✓ Itilize dèlko yo deyò sèlman, sou yon distans ki plis pase 20 pye lwen kay ou, pòt ou ak fenèt ou.

## DETEKTÈ CO

- ✓ Enstale detektè CO ki fonksyone ak batri ak batri sipò toupre chak chanm ki lakay ou.
- ✓ Tcheke detektè CO yo souvan pou asire yo fonksyone kòrèkteman.

## CARBON MONOXIDE (CO) POISONING



PA KAPAB WÈ



PA KAPAB PRAN SANT



PA KAPAB TANDE



PA KAPAB KANPE



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention



## LÈ FOUNO OU LIMEN, ASIRE GAZ PWAZON P AP SÒTI DEYÒ

Chak sezon livè lè tanperati a bese, founo ou kapab touye moun an silans. Founo ki fonksyone avèk gaz ak petwòl pwodui monoksid kabòn (CO). CO se yon gaz pwazon ki envizib, ki pa gen koulè epi ki touye anpil santèn moun chak ane epitou ki fè anpil lòt milye moun vin malad. Swiv etap sa yo pou kenbe fanmi ou an sekirite pou sezon livè sa a.

### FOUNO KI FONKSYONE AK PETWÒL AK GAZ

✓ Fè yo enspekte founo ou chak ane.

### DETEKTÈ CO

- ✓ Enstale detektè CO ki fonksyone ak batri ak batri sipò toupre chak chanm ki lakay ou.
- ✓ Tcheke detektè CO yo souvan pou asire yo fonksyone kòrèkteman.

## CARBON MONOXIDE (CO) POISONING



PA KAPAB  
WÈ



PA KAPAB  
PRAN SANT



PA KAPAB  
TANDE



PA KAPAB  
KANPE



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention